

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaitung leuwih ti 300 étnis atawa suku bangsa nu aya di Indonesia téh. Malah dumasar kana sensus penduduk nu diayakeun ku BPS (Badan Pusat Statistik) sélér bangsa di nagara urang téh réana 1.340. Tina sakitu réana teu pati réa panalungtikan nu nyumponan pangabutuh dunya paélmuan.

Tina 300 étnis nu aya di Indonésia, bisa dicindekkeun yén di Indonésia sakurang-kurangna aya 300 rupa kabudayaan, nu jadi pameungkeut kahirupan masarakatna. Conto leutikna nu patali jeung lingkungan tempat dahar. Di étnis Batak, tempat dahar téh kudu leuwih luhur batan rohangan séjénna. Béda jeung di lingkungan étnis Jawa. Di Jawa merenahkeun tempat dahar téh sabalikna, kudu leuwih handap batan rohangan séjénna. Pulas beureum dina budaya Bugis ngandung harti sedih, dina budaya Jawa mah hartina amarah.

Lingkungan budaya urang Sunda tangtu aya bédana mun dibandingkeun jeung lingkungan masarakat séjénna. Conto nu pangatrana nya éta ngeunaan rohangan publik. Rohangan publik dina imah masarakat Sunda mah dapur. Geus jadi kabiasaan mun indit gawé atawa indit ka mana baé, kaluarna téh ti panto dapur. Kitu deui sabalikna ari mulang gawé atawa mulang ti mana baé. Ukur sémah nu can loma pisan nu datangna jeung ditarima di tepas téh. Padahal dapur téh kaasup daérah kakawasaan awéwé. Goah mah komo dipahing pisan lalaki téh asup ka dinya.

Nilik kana konsepsi nu aya dina budaya masing-masing, tangtu ieu hal minangka kabeungharaan bangsa nu bisa jadi lahan panalungtikan anu lega pikeun ngawewegan jati diri generasi ngora. Bédana konsépsi budaya ngahasilkeun béda-béda pamadegan ti sawatara ahli jeung budayawan.

Budayawan Sunda kabagi kana sababaraha golongan. Golongan *kahiji*, golongan anu mibanda pikiran yén ajén budaya daérah (Sunda) idéntik jeung féodal, nu kudu dileungitkeun. Salian ti éta, kabudayaan daérah bakal nimbulkeun

SUTANANDIKA, 2014

HUKUM ADAT KASEPUHAN CIPTAGELAR: POLA RASIONALITAS DINA NANJEURKEUN KETAHANAN PANGAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rasa separatisme nu jadi cucuk rungang dina ngawangun kabudayaan nasional (Indonesia). Golongan ieu meunang paniten ti Alwasilah (2006, kc 18) nu nétélakeun, yén ayat-ayat kabudayaan heubeul nu kagambar dina kahirupan baheula mindeng dipoyokan minangka ngamumulé feodalisme jeung kamunafikan, ieu hal jadi hahalang dina kompetisi global nu *meniscayakan* demikrasi jeung transparansi.

Golongan *kadua*, golongan puritan Sunda nya éta golongan nu ngajénan pisan kana budaya Sunda. Golongan *katilu*, golongan nu awam nu napak kana kabudayaan daérah (Sunda), teu panceg dina nyekel kana kabudayaan nasional.

Berkes dina Inglis (1993, kc 1) nétélakeun konsép kearifan lokal dina ngokolakeun lingkungan ku terminologi *traditional ecological knowledge* (TEK). Ieu konsép minangka kumpulan pangawéruh, prakték, jeung kayakinan nu muncul tina prosés adaptif (nyaluyukeun), diwariskeun ti generasi ka generasi, ngaliwatan saluran (transmisi) budaya. TEK dipimilik sacara koléktif, bisa disebarkeun atawa diturunkeun dina wangun carita, lagu, budaya, kayakinan, ritual, hukum adat, bahasa daérah, jeung rupa-rupa prakték ngamanpaatkeun kakayaan alam. Umpama kualitas lingkungan hadé (henteu ruksak), kakayaan alamna jeung lingkunganana kapiara bari mayéng ngahasilkeun barang-barang kaperluan masarakat nepi ka kualitas hirupna ngaronjat, hartina TEK masarakat lokal téh mibanda sifat nyaah lingkungan, sarta bisa dicindekkeun yén éta masarakat lokal téh boga kawijaksanaan dina ngokolakeun lingkungan.

Budaya sipatna robah, dina harti luyu jeung pajamanan. Contona urang Sunda di jaman Tarumanagara nu tadina ngagem agama Hindu, ayeuna mah ngagem Islam. Robahna katangen dina sawér pangantén diayakenana di panyawéran. Salian ti boga fungsi réligi, ngandung ajén-ajén ajaran hirup. Dina jaman kiwari di sawatara tempat, sawér ngan kari seremonial nu bisa dilaksanakeun di mana waé. Tetekonna dirempak nepi ka silib silokaning ajaran hirup teu bisa kawariskeun ka panganten hususna, ka balaréa umumna.

Parobahan dina rupa-rupa cara. Ieu di handap diwincik hiji-hiji. *Kahiji* penjajahan, Indonesia kungsi dijajah ku Belanda, Inggris, jeung Pepang. Penjajah

pasti moal mikeun daérah jajahanna boga kedaulatan hukum. Dina hal ieu adat atawa aturan adat. Aturan nu dipake aturan penjajah. Antukna adat ngan dipake saukur adat kabiasaan, atawa dipaké di wilayah anu kaitung heureut, umpamana di karaton atawa wewengkon. Dina hukum pidana, perdata, waris, bisnis, jeung sajabana hukum adat nungtutan dikurangan.

*Kadua*, pangaruh budaya luar datang ngaliwatan rupa-rupa cara. Ngaliwatan ajaran agama, kawijakan pamaréntah, atikan, ékonomi, hiburan, transportasi, média masa, jeung sajabana.

Hukum adat raket patalina jeung kapercayaan nu diagem ku masarakat. Adat bakal robah atawa musna waktu aya ageman atawa kapercayaan anu anyar.

Kawijakan pamaréntah milu mangaruhan kana adat. Hukum nu dipaké di nagara biasana leuwih dipaliré, utamana nu aya patalina jeung sanksi pidana. Conto séjén ngeunaan kawijakan pamaréntah aya pangaruhna nya éta aturan perkara ngahuma. Kawijakan pamaréntah nu ngalarang ngahuma atawa *ladang*, saéstuna lain didadasaran ku héman kana lingkungan hirup. Tapi, leuwih kana nedunan kaamanan ti nu boga konsépsi leuweung pikeun leuweung industri, *perkebunan*, jeung *pertambangan*. Antukna masyarakat adat kudu ngaku ayana leuweung larangan jeung leuweung titipan nu teu meunang diganggu atawa digarap iwal ti keur neangan piubareun. Éta lahan tuluy robah jadi kebon karet, jadi kebon sawit atawa diala hasil tambangna.

Kawijakan pamaréntah mangaruhan langsung kana matéri atikan. Nepi ka ayeuna, sistem tani paré huma masih diajarkeun di sakola minangka kagiatan tani nu ngaruksak leuweung. Sanajan geus loba kritik kana eta materi atikan. Tacan aya tarékah nyata pikeun ngomekeun pamadegan nu salah téh. Bisa jadi sajumlahing hasil panalungtikan ngeunaan kaheman masarakat adat kana lingkungan kurang publikasina tur taya nu asup jadi bahan pangajaran.

Urang Sunda ngalaman rupa-rupa parobahan adat istiadat. Ieu hal bisa dicindekkeun yén lantaran aya parobahan jaman. Kajadian aya parobahan taya lian sangkan adat-istiadat bisa terus hirup marengan kahirupan masarakatna (*folk*).

Dina enggoning ngigelan jaman urang Sunda boga padika dina paribasa “*ka hareup ngala sajeujeuh ka tukang ngala salengkah*”. Harti éta paribasa nuduhkeun yén dina ngalakonan hirup téh urang Sunda henteu kudu sérab ku kamajuan jaman, nepi ka poho kana kaayaan diri. Urang ogé boga niley atawa ajen hirup nu geus hirup rewuan taun.

Koentjaraningrat (1987, kc 85). Netelakeun yen ajén budaya nya éta konsép-konsép ngeunaan naon-naon nu hirup dina alam pikiran mayoritas warga hiji masyarakat, ngeunaan sakur nu dianggapna mibanda ajén, tur penting dina hirup kumbuh, mibanda fungsi minangka padoman nu mere arah jeung orientasi hirup sakumna warga éta sorangan

Fungsi adat téh utamana pikeun pameungkeut atawa pamageuh lingkungan masarakatna, mageuhan hirup babarengan. Minangka hiji komunal, masarakat adat bisa nyanghareupan rupa-rupa pasualan nu teu bisa atawa hésé diréngsékeun sacara individual. Ku lantaran kitu, ulikan ngeunaan hukum adat atawa adat istiadat téh pohara pentingna, boh pikeun kapentingan praktis boh pikeun kapentingan paélman. Sawatara panalungtikan, atawa ulikan kungsi diayakeun. Upamana ngeunaan kahirupan urang Baduy di Kanekes atawa tulisan H. Hasan Mustapa, anu ngabahas adat istiadat urang Sunda. Sawatara skripsi “Makna Hutan Bagi Masarakat Adat” karya Siti Sri Rahayu, Fakultas Pertanian Institut Pertanian Bogor, 2004. Skripsi “Pola Perkembangan Fisik Kampung Ciptarasa”, Rizal Muslimin, Fakultas Teknik, Universitas Katolik Prahyanan taun 1999.

Salah sahiji kelompok masarakat nu perlu ditaliti nya éta urang Sunda anu matuh di Kasepuhan Ciptagélar atawa Kesatuan Adat Masarakat Banten Kidul. Ayana di Desa Sirnaresmi, Kecamatan Cisolok, Kabupaten Sukabumi. Tatanén di ieu kelompok masyarakat adat masih kénéh ngukuhan adat istiadat atawa talari paranti karuhunna. Di antarana boga rasa hormat kana aktivitas nya éta melak paré, leuwih ti sakadar pagawéan pikeun nyumponan pangabutuh pangan. Melak jeung ngokolakeun paré boh di huma boh di sawah masih kénéh mangrupa kawajiban adat, dipigawé kalawan taat, tuhu dina aturan hukum adat. Masyarakat Ciptagélar

hususna kadaharan poko teu kungsi kacaritakeun kakurangan dahareun. Ieu hal téh lantaran masarakat adat kukuh kana palasipah hirup nu unina:

*“Mipit kudu amit, ngala kudu menta, nganggo kudu suci, dahar kudu halal, kalawan ucap kudu sabenerna, mupakat kudu sarerea, nyanghulu ka hukum, nyanghunjar ka nagara”*. Ieu hal tepikeun dina wawancara Ki Karma tanggal 12 Agustus 2013.

Kaayaan masarakat adat Ciptagelar di wewengkon nu ayeuna asup kana wilayah Taman Nasional Gunung Halimun (TNGH). Luyu jeung SK Menteri Kehutanan No. 282.Kpts-II/1992 tanggal 26 Februari 1999. Netepkeun yen TNGH mangrupa leuweung tropis nu ngawengku Kab. Bogor, Kab Sukabumi jeung Kab. Lebak. Ayana ieu SK mibanda tujuan sangkan 224 jenis manuk kaasup 24 nu ngan aya di pulo Jawa contona manuk Seupah, tatangkalan langka contona rasamala jeung puspa, kaasup 61 sasatoan dianatarana owa, macan tutul jeung sajabana henteu punah.

Salian ti sasatoan jeung tatangkalan. Di TNGH aya masarakat adat Ciptagelar mangrupa salah sahiji kampung gede salian ti kampung gede Ciptarasa, Kasepuhan Citorek, Kasepuhan Cibedug jeung 52 desa sejenna. Ieu masarakat geus nyicingkan eta wewengkon leuwih ti 600 taun katukang. Salian ti masarakat di TNGH aya oge perkebunan téh Rasamala kaasup anak pausahaanana dina widang kembang. Pikeun sawatara jalma ieu hal nimbulkeun karempian, TNGH henteu bisa jadi tempat pikeun ngajaga kakayaan alam nu sakitu lobana. Adimiharja (2003) dina Sri (2004, kc 5) ngajentrekeun yen masarakat nu nyicingan Gn. Halimun mangrupa masarakat nu nyicingan turta nyumponan pangabutuh hirup ti leuweung. Maranehna ngamanpaatkeun leuweung tapi lain ngaruksak leuweung siga *perambah hutan*. Warga adat ngampaatkeun leuweung pikeun kaperluan sapopoe misalna suluh, bahan bangunan, jeung melak pare. Sedengkeun nu ngarajah (*merambah*) leuweung biasana lain warga adat. Da warga adat mah kai iket ku larangan. Sedengkeun nu ngaranjah mah ngala kayu ge pikeun dijual ka kota.

Salah sahiji tarekah masarakat adat Ciptagelar dina ngokolakeun lahan sabudeureun leuweung nya eta melak pare. Melak pare lain ngan saukur pikeun nyumponan pangabutuh pangan, melak pare nya eta turut kana tatali parati ti karuhun jeung ngamulyakeun Dewi Sri. Ku sabab kitu saigel-saigelna ditangtukeun ku adat. Dumasar kana pamikiran samemehna panalungtik ngarasa penting pikeun ngayakeun panalungtikan nu judulna “Hukum Adat Kasepuhan Ciptagelar: Pola Rasionalitas dina Nanjeurkeun Ketahanan Pangan”.

Ieu panalungtikan penting dilaksanakeun sabab dipiharep bisa méré deskripsi masarakat nu tetep pageuh nyekel hukum adat, merjoangkeun hak ulayat, jeung bisa nembongkeun hasil nu dipiharep.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Rupa-rupa anu perlu ditalungtik ngeunaan adat-istiadat atawa hukum adat di lingkungan masarakat téh, sabab adat istiadat téh ngurung rupa-rupa aspék kahirupan.

Dina ieu panalungtikan masalah anu rék diulik téh nya éta ngeunaan adat-istiadat patali jeung kahirupan tatanen atawa tetekon tani. Aspék ieu perlu diheulakeun sabab dumasar kana prapanalungtikan kahirupan tani di téh katingali utama pisan.

Patali jeung éta, fokus panalungtikan rék dihususkeun kana adat-istiadat patali jeung prakprakan gawé tani, ti mimti ngolah tanah, prak-prakan melak jeung miarana, nepi ka mangsana panen atawa sabada panen.

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, lega pisan masalah anu perlu ditalungtik di masarakat adat Ciptagelar téh. Sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan nalungtik hukum adat (aturan adat) nu aya patalina jeung katanian paré. Tina hasilna dipiharep bakal katingali pola hubungan antara hukum adat jeung pangan.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah ieu di handap:

- a. Kumaha kahirupan hukum adat tatanen pare di masarakat Ciptagelar?
- b. Kumaha patalina hukum adat tani pare jeung kétéhahan pangan minangka kawijakan wewengkon (*kearifan lokal*) di masarakat Ciptagelar?
- c. Kumaha pola rasionalitas hukum adat jeung ketahanan pangan ?
- d. Naon waé Ajén nu nyangkaruk dina kahirupan masarakat Ciptagélar nu aya patula-patalina jeung hukum adat tani paré?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Patali jeung masalah atawa fokus ulikan anu dipidangkeun di luhur, tujuan utama ieu panalungtikan téh nya éta rék ngadéskripsikeun:

- a. adat tatahar tani jeung ngolah tanah (pakakas tani, kagiatan ritualna, jeest);
- b. polah melak paré (ti mimiti tebar nepi ka tandur);
- c. polah miara paré (diantarana sapangjadian, nyiram, jeung celetu);
- d. gawé panén, kaasup pascapanén;
- e. ajén-ajén kahirupan anu aya tina éta tradisi.

### 1.4 Anggapan Dasar

Dina adat-istiadat, atawa hukum adat, anu geus turun-tumurun kakandung rupa-rupa ajén atawa kahadéan anu gede gunana, hususna keur kahirupan masarakat anu ngamilik éta budaya. Dina kamekaranana, ajén atawa kahadéan kitu tara leungit, tapi robah atawa aya transformasi luyu jeung robahna jaman.

### 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Hasil panalungtikan dipiharep aya mangpaatna boh keur kapentingan praktis boh keur kapentingan tioritis (paélmuan). Tina segi kapentingan praktis, mudah-mudahan tina ieu hasil panalungtikan bisa kapetik hasilna ku para praktisi.

Tina segi kapentingan tioritis, mudah-mudahan aya gunana keur kapentingan elmu tani, hususna ngabeungharan paélmuan tani paré.

Sacara tioritis, *kahiji* ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangan analisis pikeun kamekaran paélmuan ngeunaan budaya (Sunda). *Kadua* meunangkeun gambaran anu tetela ngeunaan kaarifan lokal, minangka modél pangan. Luyu jeung pamadegan Keraf 2006 dina Mulyadi (2011, kc 6) nu nandeskeun yen kearifan lokal sakabeh wangun pangaweruh, kayakinan, pamahaman atawa wawasan sarta adat kebiasaan atawa etika nu nuntun paripolah manusa dina hirup kumbuh minangka komunitas ekologis .

*Katilu* aya naskah akademis strategi sistem budaya dina nyanghareupan datangna budaya luar. Ku ayana ieu naskah akademis dipiharep, masarakat adat Sunda hususna mibanda rujukan kumaha prosés akulturasi nu lumangsung tur diprosés kalayan sadar dina mageuhan identitas lokal dina konteks budaya nasional. Luyu jeung pamadegan Supriatna (2008a, kc 5)

*“Kearifan lokal adalah modal utama masyarakat dalam membangun dirinya tanpa merusak tatanan sosial yang adaptif dengan lingkungan alam sekitarnya.”*

Sacara *praktis* pikeun muka wawasan ngeunaan kaarifan lokal nu aya di wilayah Sunda pikeun akademisi hususna, pamangku kawijakan, budayawan, aktivis sosial jeung lingkungan, jeung masarakat umumna.

## 1.6 Struktur Organisasi Tulisan

Ieu tésis ngawengku sababaraha bab jeung sub bab. Bab kahiji, bubuka nu eusina ngeunaan kasang tukang naha perlu panalungtikan ngeunaan hukum adat di Ciptagelar dipigawe sarta naon-naon hal sejen nu jadi pangrojongna. Sangkan henteu manawura masalah nu ditepikeun dina kasang tukang panalungtikan tur kapanggih dina pra wawancara diwatesan tur dirumuskeun sacara taliti sangkan bisa ngahontal nu jadi tujuan ieu panalungtikan. Tina hasil pra panalungtikan jeung macaan literatur ditangtukeun anggapan dasar panalungtikan. Panungtung dina bab kahiji, nepikeun ngeunaan harepan mangpaat ieu panalungtikan.



Dina bab II dibahas ngeunaan Hukum Adat, Pola Rasionalitas jeung Ketahanan Pangan. Ti mimiti wangenan hukum adat, sajarah hukum adat, kaayaan hukuma dat di Indonesia ti waktu ka waktu, kakarakteristik, sipat jeung unsur hukum adat. Sedengkeun bahasan pola rasionalitas ngeunaan kumaha kosmologi urang Sunda tina sawangan tritangtu sarta matalikeun unsur-unsurna. Panungtung dina ieu bab dibahas konsep ketahanan pangan tur kaayaan obyektif nu lumangsung di Indonesia, boh tina hasil oge tina konteks perpolitikanana.

Bab III ngabahas Metodologi Panalungtikan. Dina ieu bab didadarkeun desain panalungtikan, pamarekan nu digunakeun, definisi konseptual jeung operasional variabel panalungtikan, instrumen panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, sarta prosedur panalungtikan.

Dina Bab IV ngeunaan Deskripsi jeung Analisis Data didadarkeun hasil panalungtikan jeung hasil analisisna. Pedaran dina ieu bab eusina rupaning hal nu panggih dina ieu panalungtikan hukum adat masarakat Ciptagelar dina melak paré, pikeun saterusna diadumaniskeun jeung rupaning tiori katut anggapan dasar nu dibahas disamemehna.

Panungtung dina Bab V eusina Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab dicindeukeun hasil panalungtikan nu dibahas samemehna tur diuwuhan saran-saran nu penting pikeun panalungtikan saterusna.